



PAJ ENFÒMASYON

State Road (S.R.) 93/I-75 soti sou S.R. 826/
Palmetto Expressway rive sou Broward County Line

Analiz Altènativ

FPID No.: 453149-1-22-02 | FAP: D626-028-B | ETDM No.: 14593

REZIME

Pwojè sa a pral ajoute kapasite wout yo, amelyorasyon nan trafik la, plis koneksyon wout, ak modifikasyon nan kote wout yo konekte sou yon distans apeprè 5.4 mil (8.6 kilomèt) sou wout S.R. 93/I-75 soti sou S.R. 826/Palmetto Expressway rive nan Broward County Line nan Miami-Dade County. Koridò sa a travèse zòn sa yo City of Hialeah, Town of Miami Lakes, City of Miramar, ak unincorporated Miami-Dade County. Antan yon chemen transpò rejyonal enpòtan, S.R. 93/I-75 konekte ak S.R. 826/Palmetto Expressway ak S.R. 924/Gratigny Parkway, pou mennen sou wout Florida's Turnpike, S.R. 874, I-95, ak anpil lòt kote nan Sid Florid ak Eta Florid la.

OBJEKTIF

Rezon ki fè y ap fè pwojè sa a se pou diminye blokis ki toujou nan zòn sa a, se pou prepare pou valè trafik yo prevwa nan zòn nan. Pou fè sa yo pral ogmante kapasite epi y ap amelyore jan sikilasyon an ap mache ak jan wout yo konekte nan seksyon wout S.R. 93/I-75 la. Objektif nou se pou nou toujou kenbe bon jan koneksyon nan rezo transpò rejyonal la epi amelyore pwoteksyon moun sou wout yo. Nesite pou fè pwojè sa a baze sou kritè sa yo:



KAPASITE/DEMANN NAN AFÈ TRANSPÒ: Amelyore jesyon trafik ak kapasite wout yo, diminye blokis, epi prepare pou demann transpò k ap gen pi devan



KONEKTIVITE: Amelyore koneksyon nan zòn kote y ap fè pwojè la



KONEKSYON SISTÈM NAN: Mentni kote gen koneksyon enpòtan nan rezo transpò rejyonal sa a



PWOTEKSYON: Amelyore mwayen pou pwoteje moun sou wout yo

KI SA YON ANALIZ ALTÈNATIF YE?

Yon Analiz Altènativ se yon pati nan posedi FDOT pou bati otowout epi sa ede detèmine kote yo pral bati yon wout, plan desen wout la, ak enpak sosyal, ekonomik, ak anviwònmanal amelyorasyon yo pwopoze pou wout la. Pwojè la devlope fezabilite pou "bati" kèk altènativ epi yo evalye yo dapre kondisyon sa yo: anviwònman, teknik, sosyo-ekonomik, ak pwoteksyon moun, epi tou ak opinyon popilasyon an. Yo evalye tou kote pou dlo pase lè gen move tan ak jesyon anviwònman an. Pandan tout tan y ap fè pwojè la, yo kenbe opsyon pou "yo pa bati" kòm altènativ, kote yo kite wout la jan li ye a pandan y ap mentni li lè sa nesèsè. Si yo chwazi "bati" kòm altènativ, pwojè a va pase nan faz plan desen li.

KALANDRIYE

Analiz Altènativ a te kòmanse nan mwa jen 2026 epi y ap atann li fini ann ete 2028. Y ap kòmanse ak faz plan desen an lè Analiz Altènativ fini.

PATISIPASYON POPILASYON AN

FDOT devlope yon pwogram patisipasyon popilasyon pou Analiz Altènativ sa a pou ankouraje tout popilasyon an, gwoup ki enterese, ofisye ki eli ak sa yo plase, ajans resous anviwònmanal, ak lòt manm kle nan kominote a pataje lide yo. Pandan tout tan y ap fè pwojè la y ap kontinye fè aktivite sansibilizasyon nan kominote a epi kowòdone ak manm kle nan kominote yo, ak lide pou tout kominote nan zòn kote y ap bati pwojè a gen reprezantasyon. Y ap òganize rankont an ti gwoup tou jan pwojè a egzije sa. Analiz anviwònman, konsiltasyon ak lòt demach Lwa Federal sou anviwònman egzije pou pwojè sa a, se FDOT k ap suiv yo dapre atik 23 U.S.C. § 327 epi dapre Memorandòm Antant 26 me 2022 a, epi Biwo "Federal Highway Administration" (FHWA) ak FDOT ap mete yo ann aplikasyon.

FDOT ankouraje popilasyon an pran pa san patipri pou kesyon ras, koulè, peyi yon moun soti, laj, sèks, relijyon, andikap, oswa èske yon moun marye oswa li pa marye. Moun ki bezwen yo fè yon aranjman espesyal pou yo dapre lwa Ameriken pou moun ki gen yon andikap "Americans with Disabilities Act" 1990 la oswa moun ki bezwen sèvis entèpretasyon (gratis) dwe kontakte Yulet Fernandez, P.E. (305) 470-5219 oswa ekri FDOT, 1000 NW 111 Avenue, Miami, FL 33172 oubyen kontakte li sou imel Yulet.Fernandez@dot.state.fl.us omwen 7 jou anvan dat reyinyon an. Si w gen pwoblèm tande oswa pwoblèm pale, tanpri kontakte biwo a ak sèvis sa a Florida Relay Service, 1-800-955-8771 (TDD) oswa 1-800-955-8770 (Pou pale).

MEN KI AVANTAJ PWOJÈ SA GEN LADAN

FDOT pran angajman l pou asire enfrastrikti nan Eta Florid sèvi tout rezidan, tout biznis, tout vizitè ni kounye a ni pi devan.



KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ LA

Limit pwojè a: S.R. 93/I-75 soti nan S.R. 826/Palmetto Expressway rive sou Broward County Line



KOUDÈY SOU PWOJÈ LA

Dat
kòmansman:
Jen 2026

Dat yo ka fini:
Ete 2028

Pri pwojè a:
Yo poko fin
kalkile l

KONTINYE ENFÒME W

MANADJÈ PWOJÈ FDOT

Jessica Cruz, P.E., Florida Department of Transportation
Telefòn: 305-470-5105 | Imel: Jessica.Cruz@dot.state.fl.us

KONSILTAN MANADJÈ PWOJÈ

Jeff V. Easley, P.E., AtkinsRéalis
Telefòn: 305-514-3235 | Imel: Jeff.Easley@AtkinsRealis.com

ESPESYALIS SANSIBILIZASYON KOMINOTÈ

Dayana Sanjurjo, Media Relations Group, LLC
Telefòn: 786-239-8862 | Imel: Dayana.Sanjurjo@dot.state.fl.us



@MYFDOT_MIAM



@MYFDOTMIAMI



SIT WÈB PWOJÈ A:
[fdotmiamidade.com/
i75alternativesanalysis](http://fdotmiamidade.com/i75alternativesanalysis)

